



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMASYONÈL POU ANBA LAVIL HUDSON LAN NAN KAD PRIM 10 MILYON DOLA A

13 Pwojè Revitalizasyon Anba Lavil yo Pral Kreye Opòtinite Lojman ak Anplwa yo, epi Amelyore Peyizaj Lari yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 13 pwojè transfòmasyonèl pou Hudson nan kad prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Envestisman estratejik nan Anba Lavil Hudson yo pral kreye opòtinite anplwa ak lojman adisyonèl, menm jan ak amelyore sekirite ak estetik pou peyizaj lari yo atravè vil lan. Envestisman yo fè pati efò Gouvènè a kontinye ap fè pou revitalize ekonomi rejyon nò a epi kreye plis opòtinite pou Rejyon Kapital a.

“Envestisman enpòtan sa pral sipòte transfòmasyon Hudson ki ap kontinye a apati fokis sou yon Anba Lavil ki dirab, divès epi atiran”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil yo pral ede vil lan kontinye ak efò revitalizasyon li yo lè y’ap favorize kwasans travay, kreyasyon nouvel opòtinite biznis yo ak investisman nan devlopman kominotè ki pral amelyore Anba Lavil Hudson pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

Yo te [nonmen](#) Hudson kòm yon ganyan 2èm Faz DRI a an Out. Anba Lavil Hudson lan gen aparans ak anbyans peyizaj yon vil pòsendistriyel ke milènè yo ap chache, pandan ke l’ap konsève yon rivaj istorik ki ap travay sou tout bò Rivyè Hudson lan. Se yon Zòn Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil ki gen anpil kay k ap ofri opsyon soti nan kay pou yon sèl fanmi yo konsepsyon nan fason istorik rive nan mezon d’vil ak apatman nan gratsyèl yo, kote gen anpil varyete opsyon pou moun dine ak magazine k ap sèvi moun nan estrikti istorik yo revitalize yo. Devlopman òganik antrepreneryal resan yo te prepare Hudson pou pwochèn faz revitalizasyon li an: devlopman pwojè miks k ap ogmante a yo k ap enkòpore lojman abòdab nan to mache a ak transpò ki adapte a konsepsyon an; enbibasyon djòb pou kreye bon jan kalite djòb ki peye salè desan; devlopman mendèv pou prepare travayè lokal yo pou anplwa pandan tout ane a; epi reyimajine bò rivaj dlo yo pou pèmèt popilasyon an plis itilize yo ak plis jwi de yo. Envestisman DRI la pral sèvi kòm yon motè pou siksè antrepriz prive ak piblik ki egziste deja yo ap kontinye genyen an; l ap mete aksan sou kwasans jòb ak sou distri k ap atire moun vin ladan; epi l ap prepare wout pou agrandisman onivo ekonomik ak sivik nan distri a ak atravè tout Hudson nèt. Pwojè DRI yo se dènye egzanp angajman Gouvènè Cuomo ki ap kontinye nan Hudson ak nan tout rejyon an.

Pwojè espesifik ke yo pral finanse atravè DRI a gen ladan:

Reyalize Amelyorasyon Complete Streets yo (Lari Konplè): Elabore epi konstwi yon inisyativ Complete Streets ki gen faz toupatou nan zòn DRI an pou bay aksè ki sekirize, amelyorasyon estetik yo, ak separasyon sikilasyon kamyon yo de pyeton ak moun ki sou bisiklèt yo. Egzanp amelyorasyon yo gen ladan yo kwazman nan nivo wout ray yo ki sekirize epi fonksyonèl, amelyorasyon nan peyizaj lari yo, wout pou bisiklèt yo, ekstansyon santye North Bay a, amelyorasyon nan twatwa ak pasaj pyeton yo, eskalye pou pyeton yo, ak siyalizasyon. (3,982,550 dola)

Renove Pak Promenade Hill epi Bay Aksè ki Konfòm a ADA: Renove Pak Promenade Hill, ki se yon espas piblik enpòtan ki nan kè zòn DRI an, pou prezève fonksyon istorik li yo pandan ke l'ap bay aksè a ekipman pak yo ak vizyèl ekstrayòdinè sou Hudson ak Catskills pou moun ki gen tout kapasite yo. (1,100,000 dola)

Amelyore Sekirite ak Estetik Cross Street ak Second Street Stairs: Amelyore sekirite ak estetik Cross Street ak Second Street Stairs apati elaborasyon ak reyalizasyon peyizaj lari yo sou tout Cross Street lan. Sa pral gen ladan nivelaj ak rebetonaj, nouvo twotwa, ak ekleraj ak ranplasman eskalye Second Street yo ki ap mennen soti nan Allen Street pou rive Cross Street. (250,000 dola)

Etabli Pwojè North Bay ReGeneration lan (North Bay ReGeneration Project, NBRP) pou Edikasyon Anviwònmanal: Devlope yon nouvo Sant Edikasyon Anviwònmanal Iben (Urban Environmental Education Center) nan North Front Street tou pre Dock Street pou resevwa Pwojè North Bay ReGeneration lan, ki se yon apwòch inovatif, ki baze nan kominote a, epi ki santre sou jèn yo pou fè devlopman katye ki dirab. Yo pral itilize finansman an pou devlopman, planifikasyon, enfrastrikti ak renovasyon yo nan espas lan. (400,000 dola)

Etablisman yon Santral Manje Kominotè (Community Food Hub, CFH) pou Sipòte Ti Biznis Ki Fèk Lanse yo: Renove espas nan yon batiman aktyèl pou kreye yon Santral Manje Kominotè. CFH lan pral sipòte ti biznis ak biznis ki fèk lanse yo lè l'ap enkli espas lavant an detay sou plas, yon kwizin komisè, espas enkibatè, ajou ak distribisyon pwodwi lokal, ak espas aktivite ki fleksib yo. Etablisman an pral akomode fòmasyon travay, enstwiksyon pou nitrisyon, klas konpetans pou lavi a, ak fòmasyon kilinè. (700,000 dola)

Estabilize Dunn Warehouse lan pou Reyitilizasyon Fiti: Estabilize Dunn Warehouse istorik lan, dènye batiman rivaj santral ki rete nan Vil lan, epi fè yon etid fezabilite pou reyitilizasyon li. Vil Hudson pral bay yon RFP pou yon patenarya piblik/prive pou ka reyitilize Dunn Warehouse lan yon fason adaptatif ki baze sou rekòmandasyon yo ki fèt nan etid sa. Yo pral fè amelyorasyon estriktirèl ki enpòtan anpil yo nan mi eksteryè yo ak masonri, twati a, ak drenaj perimèt lan, epi yo pral ajoute yon nouvo dal an beton. Yo pral itilize rès fon yo pou renovasyon entèn yo. (1,000,000 dola)

Adapte pou Sezon Ivè Basilica Hudson epi Kreye yon Espas Ekolojik Piblik Ki Gen Anpil Vizibilite: Adapte pou sezon Ivè batiman yo ki sou kanpis Basilica Hudson

lan, yon sant atistik miltidisciplinè san bi likratif yo nan Front Street, pou bay plis espas pandan tout ane an epi kreye espas ekolojik piblik. (250,000 dola)

Redevlope Espas KAZ lan kòm Devlopman Miltifonksyon Ki Oryante nan Transpò: Sipòte redevlopman espas KAZ lan apati demolisyon yon antrepo ki egziste pou kreye espas pou devlopman miltifonksyon ki oryante nan transpò. Amelyorasyon nan enfrastrikti yo pral sipòte yon devlopman miltifonksyon inovatif nan espas lan, tankou lojman ki apwopriye pou etidyan ak jèn pwofesyonèl yo, yon pwogram kanalizasyon preparasyon pou travay, ak pwogramasyon inivèsite kominotè. (487,160 dola)

Bay Enfrastrikti Devlopman Mendèv nan River House: Bay espas travay pwofesyonèl pou pwofesyonèl ekonomi kreyatif yo nan yon ansyen etablisman lekòl ki vid ki afekte yon katye rezidansyèl. Renovasyon yo pral enkli ladan yo kat etaj ki gen biwo, estidyo, apatman swit pou modifikasyon son ak vizyèl yo ki gen jiska 100 estasyon travay yo, plis yon Sant Odyo Vizyèl Afilyasyon Kominotè (Community Membership Audio Visual Center) kote pwodikte fim lokal ak medya yo ka travay ansanm sou pwojè akoutèm yo. (250,000 dola)

Reyamenaje Vilaj Lapèch Istorik lan kòm yon Pak Vil: Konvèti tèren ki se pwopriyete vil lan ki genyen yon koleksyon kabàn lapèch istorik yo pou vin tounen yon pak rivaj lan ki gen aksè a Rivyè Hudson lan. Pwojè a nan ekstremitè rejyon nò vil lan pral gen ladan demolisyon kèk nan kabàn yo pou ouvri espas lan, menm jan ak reparasyon bazik pou prezève estrikti enteresan ki pi enpòtan sou plan istorik ak vizyèl yo. Yo pral itilize finansman DRI yo pou netwayaj espas lan, reparasyon, sèvis elaborasyon yo ak preparasyon espas lan. (150,290 dola)

Konstwi Lojman Miltifonksyon epi pou Moun Ki Gen Revni Varye yo nan State Street: Devlope yon pasèl tè ki vid nan State Street pou lojman miltifonksyon epi pou moun ki gen revni varye yo. Pwojè a pral gen ladan espas lavant an detay ak espas kominotè nan premye etaj lan ak anviwon 40 kay lojman alokasyon pou moun ki gen revni varye yo ki vize revni ki ant 30 pousan ak 120 pousan Revni Mwayen Zòn nan (Area Median Income, AMI). (800,000 dola)

Bay Sipò pou Biznis ki se Pwopriyete Minorite, Fanm yo, ak Veteran yo: Mete sou pye yon pwogram pou sipòte antrepriz biznis minorite ak fanm yo (Minority and Women Business Enterprises, MWBE) ak biznis ki se priyorite veteran yo. Yo pral fè sibvansyon ekivalan yo pou amelyorasyon kapital yo, modènizasyon teknoloji ak sekirite yo, reparasyon ijans yo, amelyorasyon ADA yo, ak kapasite batiman yo. Yo pral pwomouvwa patisipasyon nan divès pwogram MWBE Eta New York yo pou ranfòse divèsite kominote biznis Hudson lan epi ankouraje patisipasyon nan pwogramasyon mikwo prè lokal ansanm ak lòt pwogram yo. (100,000 dola)

Ekipe Kwizin Komèsyal yo ak Espas Lavant An Detay yo pou Bay Fòmasyon Mendèv: Renove 14-16 South Front Street pou kreye yon espas miltifonksyon ki konsantre sou kreyasyon travay, fòmasyon mendèv, ak devlopman pèsònèl. Yo pral kreye yon kwizin restorasyon komèsyal ak espas fòmasyon pou pèsònèl, rad anplwaye pou travay yo, mache ki gen vitrin magazen yo ak yon magazen kafe. (230,000 dola)

Hudson te devlope yon Plan Envestisman Estratejik (Strategic Investment Plan) pou revitalize anba lavil li an ak 300,000 dola nan fon planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon 10 milyon dola DRI a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati ki konsène yo te dirije efò a, sipòte pa yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou anba lavil Hudson lan te egzamine atou ak opòtinite lokal yo, epi li te idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye.

“Mwen te wè dirèkteman jan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan te pote nouvel lavi nan kominote yo atravè eta a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè sa yo nan kad investisman DRI an nan Hudson pral fè vanse pi plis revitalizasyon anba lavil Vil lan epi ogmante opòtinite pou youn nan bijou Rejyon Kapital yo ki bò rivyè a. Nouvo pwojè devlopman lojman ak miltifonksyon yo, menm jan ak espas piblik sou rivaj lan, pral atire plis moun epi kreye plis travay nan zòn nan.”

Sekretè Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Anba lavil dinamik Hudson lan te etabli tèt li kòm yon destinasyon pou vizitè yo ak yon gwo kote pou moun viv epi travay. Ak investisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan, Hudson prepare pou li vin menm pi akeyan pou touris yo, abitan yo ak biznis yo.”

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Pwojè ki sipòte pa DRI an nan Anba Lavil Hudson pral kapitalize sou rivaj istorik vil lan, kreye enfrastrikti ki nesèsè yo pou ankouraje nouvo investisman yo, epi sipòte inisyativ fòmasyon mendèv yo ak biznis ki fèk lanse yo”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR), te deklare: “Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a, investisman k ap fèt sou direksyon kominote sa yo pral melanje ak investisman 233 milyon dola HCR ap fè nan Rejyon Kapital a pandan dènye setan ki sot pase yo ki te kreye lojman abòdab pou apeprè 8,500 rezidan pou ede asire ke ekonomi Hudson lan devlope, epi tout Nouyòkè gen opòtinite pou yo patisipe. Nan Eta New York, nou chans pou nou gen yon Gouvènè ki konprann jan pou konstwi reyisit ekonomik enkliziv alontèm”.

Senatè Kathleen A. Marchione te di, “Anons jodi a konfime sa ke abitan lokal yo te deja byen konnen: gwo bagay ap kontinye rive nan Vil Hudson. Envestisman estratejik sa yo nan anba lavil Hudson yo bon anpil pou Vil lan, bon anpil pou Konte Columbia epi yo bon anpil pou Rejyon Kapital lan. Mwen remèsye tout moun ki te enplike yo poutèt rekonesans pèmanan Hudson sa ak anpil devlopman pozitif ki ap rive nan vil lan”.

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, “Vil Hudson te travay di anpil pou ka kreye pwojè ki pral benefisye a yon pakèt seri abitan nan kominote an. Lè mwen te patisipe nan reyinyon DRI lokal yo ane pase sa, mwen te wè travay di ke Komite Planifikasyon Lokal lan te fè yo ak enterè reyèl ak enfòmasyon ki soti nan tout kominote a, ki ap abouti a yon avansman fantastik pwojè final yo. Yo te abòde tout pi gwo defi Hudson - ki enkli devlopman rivaj lan ak aksè a manje ak lojman ki a pri abòdab - yo. Mwen espere wè inisyativ sa fin reyalize nan yon fason ki diferan nan Hudson. Mèsi a tout moun ki te

angaje nan pwosesis DRI an poutèt kontribisyon yo nan pwochèn faz avni eksitan Hudson lan”.

Majistra Hudson lan Rick Rector te deklare, “Vil Hudson fyè epi li rekonesan pou li benefisye de investisman enpòtan sa yo, ki pral kreye opòtinite epi favorize pi plis kwasans entelijan pou kominote nou an. Gras a Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Gouvènè Cuomo an, Vil Hudson vin menm pi byen pozisyon pou yon avni briyan, epi nou ap rete tann pou nou wè pwojè sa yo reyalize”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)